

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

Ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun carita pantun Mundinglaya Di Kusumah nu dipantunkeun ku Ki Atjeng Tamadipura. Déskripsina ngawengku struktur carita pantun ku tiori aktansial jeung fungsional Greimas sarta ajén-inajén moral kamanusaan. Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Téhnik nu dipaké nya éta ulikan pustaka. Ari Datana nya éta struktur carita jeung ajén-inajén moral dina carita pantun Mundinglaya Di Kusumah.

Sabada dianalisis, struktur carita pantun Mundinglaya Di Kusumah ngawangun 20 fungsi Greimas nu sipatna jadi bébas jeung leuwih variatif. Hasil analisis aktansial jeung fungsional Greimasna, nya éta carita pantun dibagi kana dua épisodeu. Épisodeu kahiji ngawangun 5 aktan jeung épisodeu kadua ngawangun 6 aktan. Tiap aktan ditempatan ku leuwih ti hiji tokoh.

Hasil analisis ajén moral dina carita pantun Mundinglaya Di Kusummah nu nyoko kana sadrasa manusa, nya éta (1) Moral manusa ka Gustina kapanggih aya 7 hal, nya éta takwa, percaya ka pamali jeung larangan, ucap sukur ka Pangeran, hu'su dina ngadua, sumerah ka Pangeran, percaya kana takdir jeung nasib, jeung percaya kana barang nu boga kakuatan magis. (2) Moral manusa salaku pribadi kapanggih aya 18 hal, nya éta bersih, wani jeung ludeungan, cerdik (loba akal), cerdas (gancang paham), gedé luang, jujur, tanggung jawab, ngukur kamampuh diri, surti, bageur, bijaksana jeung asak tinimbangan, sabar, boga pendirian, teu sompong, sinatria, rasa hayang nyaho nu gedé, paripolah nu terhormat, daék ihtar, kuat jeung gedé tanaga. (3) Moral manusa ka manusa séjén ngawengku 11 aspék, nya éta surti, soméah, nurut ka kolot, silih tulungan, adil, percaya ka salaki, bersih dina kahirupan sapopoé, gawé bareng, silih asih, silih asah, jeung silih asuh. (4) Moral manusa ka alam ditandaan ku rasa sadar ka alam ngawengku 6 hal nya éta miara alam, ngamangpaatkeun hasil alam ku cara nyieun pakarang, hasil kebon, hasil tani, miara sato, jeung ngajaga kaéndahan diri tur alamna. (5) Moral manusa ka waktu ngawengku 3 hal nya éta cara-ngumpulkeun rayat, tandaning pésta, jeung rarancang waktu (6) Moral

manusa dina ngahontal rasa sugema lahir jeung batin ngawengku 2 hal nya éta rasa sugema lahir jeung rasa sugema batin.

Carita pantun mangrupa manifestasi kabeungharan batin manusa Sunda, loba kénéh nu teu dipikawanoh kana wangun jeung eusina, dipiharep ieu panalungtikan carita pantun Mundinglaya Di Kusumah bisa jadi salah sahiji sumber élmu pikeun mikanyaho kabudayaan Sunda nu museur kana ajén-inajéenna turta bisa jadi gambaran atawa babandingan pikeun panalungtikan séjén.

Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngaguar leuwih jero ngeunaan carita pantun Sunda minangka bagian tina kasusastraan Sunda.